- ЛІо, щыІэздэуэн Іуэху кьалъыкъуэкІа абаазэхэ тхьэмадэхэм?-щІэупщІащ Ло Мэмэтджэрий.

- Хъэмырзокъуэмрэ сэрэ урысхэм я дежкІэ зедгъэбэн хуэдэу зэхэхащ абаазэхэ тхьэмадэхэм. Ар пэжрэ щыІэр зэхагъэкІын щхьэкІэщ кьыщІэкІуар... Си ерыскъым уельэпауэрэ, пщы? Си хъэщІэщ униухэн щІымыдэр сыт?

Мэмэтджэрий пыдыхьэшхыкІащ, и Іэр иІэтри.

- Куэд щІащ пщым и хьэщІэщым дызэрисрэ, дызыхуэгъэпсыкъуаи щыІэкъым, ауэ ещІ пщыр ииджыри кьэс кьыштлыгъуэзакъым. ХьэщІэ зэрилэр дощІэ, дяпэ кьыхуэпсыхауэ, - жиІащ Мэмэтджэрий.

- Мыбы дыкьинщхьэрыуаУэ аракъым: Хьэмырзокъуэмрэ Тамбийримрэ ныттпрагъакъэри дыкъэгъэблэгъащ. Иджыпсту кьыдэддзэныхи мурад диІакъым.

Зыри зэхимыхауэ фэ зыгъ-гиГъэуащ Тамбийм:

- Адыгэ хабзэм фІы куэд хэлъщ, ауэ, дызэрыщІыгъуаз-эщІ. ХьэщІэр куэдрэ щысмэ, бысымым кьаІэщІоужьагъуэ. ХьэщІэр шхэмэ, бжэм Іоплъжыкъуэращ. Дышэсыжьымэ, и чэзу хьуащ. Хьэмырзокъуэр Іуэхум щыгъуаэзщ, пщэдей си хьэщІэщым нихьэнуэ езыр.

Тамбий Асльэнбэм ежьэ жа нэужь, штабс-капитан Торнау щІэупщІащ:

- ДышІэгуэзвэн плъагъуркъэ иджыри?

- Ди бысымхэр сигу ирихьркъым. Абаазэхэ тхьэмадэхэм щхьэкІэ Тамбийм жиІар си фІэщ хъуркъым.

- ЛІо тщІнур? - зыкъыІэтыжащ штабс-капитаным.- НэгъуэщІ гуэрри кьыбжиІаГъэнкъэ Тамбийм?

- Сэ уэ зыри пщыгъзыщІыркъым, -жиІащ пщым, Торнау зыжьигъэр уэсу фэ зытригъауэри. - БжесІэр уи фІэщ щы.

- Сэ дзыхь пхузощІ уэ. Зи ужь дитІуэхур хэпльэгъэщ, дышІвуи дыІэрэхьэри хьуркъуэ.

Щоджэн и щхьэр бжэ дамэдаэзэм кьыдигъэжащ:

- Ди хьэщІэ льапІэхэ, дыныфпоплъэ.

Тамбий Асльэнбэчрэ и гуэрри кьыбжиІаГъэнкъэ Тамбийм? Ар ЛІо щІэупщІащ.

- Ди бысымхэр сигу ирихьркъым. Абаазэхэ тхьэмадэхэм щхьэкІэ Тамбийм жиІар си фІэщ хъуркъым.

- ЛІо тщІнур? - зыкъыІэтыжащ штабс-капитаным.- НэгъуэщІ гуэрри кьыбжиІаГъэнкъэ Тамбийм?

- Сэ уэ зыри пщыгъзыщІыркъым, -жиІащ пщым, Торнау зыжьигъэр уэсу фэ зытригъауэри. - БжесІэр уи фІэщ щы.

- Уи упущІм уэ езым жэуап ептыжащ, - дыхьэшхащ штабс-капитанырэ. Ди псалъэ зэтохуэ: сэри аращ жысІэр... Пшапэр зэхэмыеу чэнж хъ уа псым гугъу дехьакъым, абы зэпрыкІри, Хъуэжьыпс псыхъуэ къащыпэплъэ абрэджитІым, Щоджэнымрэ Маргъуащымрэ ІущІащ. Абыхъм къыкраІащ Хъэмырзокъуэ Асльэнджэрийрэ Тамбий Асльэнбэчрэ Хъэмырзэхьэблэ зэрырагъэблэгъар - абы абаазэхэр къащыпоплъэ.

Пщым и унэІутым хьэщІэщым гъуэгуплъэ тас, кьубгъан, напІэлъэщ кьрихьэр зэригъэтхъэщІащ.

- Дишхэр щы фІэдзапІэм бгъэдэтщ, уанэ трахакъым,- жиІащ Мэмэтджэрий, щхьэгъубжэм дэплъри. - Езы Хъэмырзокъуэр щхьэ кьимыкьэрэ хьэщІэщым, адыгэ хабзэр щыгъупщІэжауэ ара?

- Кьэфщ мыр! Мо къумалри кьэфщ!

Торнау кьащащ, и жьипэм кьРанаІакъым, чысэри дагъэкІуащ. Тамбийм унафэ ищІащ:

- Тамбийхьэблэ фхьы мыхэр!

ЯгъэкІэсри, штабс-капитанымрэ ЛІо Мэмэтджэрийрэ ирахьжьащ.

Шытхыр кьаухауэ, Кхъужьыпс и жькьэрабгъу Іуфэм жьлэ кьащІалъэгъу ащ. Тамбийм и пщІантІэм дахьащ кІэсхэр.

- Урысыр хьэщІэщым фшэ, пщыр щІынэм ивдзэ! - унафэ хуищІащ Тамбий Асльэнбэч унэІутым. - Пэшыр вгъэпІъ.

Штабс-капитанырэ хьэщІэщым щІашащ, и Іэр зэрыпхауэ.

Тамбийр хьэщІэщым кьихьащ.

- Ди хьэщІэм и Іэр фтІатэ, - жриІащ пщым и унэІутым, Бэчыр.

Торнау и Іэр Тамбийм хуишящ:

- ГъэпцІагъэкІэ сыбубыдащ, уэ тІэтэж си Іэр.

- Сэ сыпщщ, уэ узикІэсщ - ар зыщущмыгъэгупщ. Хьэмэрэ къэхъуар иджыри кьэс кьыбгурымыІуэуэ ара? - ар жери, Тамбийм штабс-капитаным и Іэм илъ кІапсэр кьамэкІэ зэпиупщІащ. - Куэдрэ зыкьыспэщІэпсэнуэ, мы кьамэмэкІэ уи кьурмакьейр зэпыз упщІынщ!.. Ми дзэ лыфэр щхьэ кьысхуэпТІрэ - сыбдэгущыІэ уи гугъэ?

- Тамбий Асльэнбэч адыгэ хабзэмк пщы хабзэмк ебэкъуэнукъым - араш сэ уэр щхьэкІэ зэхэсхар. Иджы сыкнопІэр, мыжьыкъым урещхьщ. Уи унэІутым зэхихьу ар зэрыбжесІэр уи щхьэм иромыгъажэ, - щІэнэкІащ штабс-капитанырэ пщым.

- Бэ чыр урысыбзэ кьыпурыІуэркъым, умыгугъаз. Ермоловым хабзэ кьыткІэльызэрихьа?

- Игу кьебгъэри, пащтыхьым ар Кавказым иришыжащ.

- Пнэрал плъыжь Засс е Вельяминовыр абы нэхърэ нэхъ щІагъэ? Уи щхьэщэхужьыпщІм и Іуэху зепхуамэ, нэхъыфІт.

- Иджыри бжьзоІэ, щхьэщэхужьыпщІэ зыми сщІтыныкъым сэ. Ар зыми хуэздзэнукъым. Сыофицер кьудейкъым сэ, уэ нэхърэ нэхъыкІэм сыкьыльхуакъым. Сэ сыкьызэрыхьуар нэмыцэ уэркъ унагъуэщ.

- Засс урильэпкъэгъэщ жоІэ! Уэ ущыофицеркІэ икІи ущыуэркъкІэ, уасиТІ кьыпщІэсхэнщ!

- Щай фІыцІэжьи кьысщІэпсынкъым.

- КьыпщІэсхэнщ. Сытми кьыпщІэсхэнщ! - жиІащ пщым, кьэтэджыжри. - Бэчыр, мы джаурым пІэ хуэщІ. И нэрп тумыгъэкІ.

- Ло Мэмэтджэрий лей иумых, а зымкІэ сынолъэІунущ. Лажьэ иІэкъым абы. И адэ кьуэшым кьыльпежьауэ арат ар, - жери Торнауи кьызэрІэщащ.

- Абы щхьэкІэ умыгузавэ. Уи щхьэращ уэзэпсысынмр, - жиІащ пщым. - Дапщэ кьыпщІатынур? Тырку тутын кьабзэ кьыпхуэзгъэхьынщ, ефэ.

- ЩхьэщэхужьыпщІэ кьудейкъым мыбы зэрахуэр, - егупсысащ штабс-капитан Торнау, пщыр щІэкІыжа нэужь. - Пщэдей Хъэмырзокъуэм сыхуэзэмэ, ар зэзгъэщІэнщ. Къэрэмырэзэ зэшхэм сащыгугъынщ, ауэ си хьыбар абы-хэм щызэхахынур дапщэщ? Сэ схуэдэщ ахэри - щэрджэсхэм я хамэщ. Нэкьари, Жансити, Бэлэтокъуэми я гугъу кьыхуищІащ генерал Зассрэ, дызэрагъэщІыхуакъым армыхъ у. Уи бийм дзыхь яхуэпщІ хьурэ? ПасхъэщІэх сакьыпльэжьауэщ зэрыжаІэнур... КьыщыщІамкІэ сэращ кьуанщэр. Тамбийр зыщыгугъыщ си щхьэщэхужьыпщІэрэ. Ари зыгуэркъуащ, иджыпсту зэгупсысыпхэр мыбы сызэрикІуэсыкьыжа хьуну Іэмалырщ.

* * *

ШЫКІЭПШЫНЭМ и макъым кьигъэщащ штабс-капитаныр. И нэм щІэІуэтыхьри джащ:

- Бэчыр!

- Сымис. - Тасрэ кьубгъанрэ кьыщІихьащ Бэчыр.

- Гъэнэщджри кьыскъуэхьыж.

- Пщым хуит сищІмэ. Зиусэхьэнр кьыппоплъэ, уэздгъэшэнущ. - Торнау зихуапэрэ пщым дежкІуащ.

- Урыс уэркъхэм пщэдджьмыж жьыуэ заужьыркъым жаІэу зэхэсхащ. Аращ иджыри кьэс ныщІэмыгъэджар, - дзэгущыІащ Тамбийр хьэщІэщым кьихьа штабс-капитанымрэ. - КьэтІыс, дыІэдэшхэщ.

- Ло Мэмэтджэрий сыщгъэгурыкъыми? - щІэупщІащ Торнау.

- Пщы кьымалыжьым сыгкІэ дыхуэныкъуэ иджыпсту? Абы и ныбэри ягъэныкъуэнкъым. Дышэху, ди Іуэхуми дрипсэльэнщ.

- Ло Мэмэтджэрий щыІэпкъым кьыхьэкІащ, ар умыгъэнкІэ. Зы бзэм дримыпсалъэми зы дин зедмыкъыми, щыри пщІэ зиІэ льэпкъхэм дакьыхэкІащ.

- Узахуэщ, урыс офицер, - пыдыхьэшхыкІащ Тамбий Асльэнбэч. - ИтІани, зыщумыгъэтущэ уи Іуэхур зыхуэкІуар. Дэракьым Іэщэкіэ ныфлъежьар, фэращ. Іэщэм ириджэгурыкъым. Ди хъым аргъеи кьихьащ, абы и уасэ кьэкІуэнущ.

- Абы ущымыгугъ. Уи щхьэр кьыумыгъэпщІэж.

- Узах узэкъым, барон. Лыгъэжьэм уэхэхутамэ, напэми цІыхугъэми пщІэ яІэжькъым. Уи щхьэр хэпльхьэжэ, псори кьыпщІэныжащ. Ахъшэращ иджыпсту нэхъапэр.

- Иджыри бжьзоІэ: сэ кьысщІэпхьыныкъым. Ло Мэмэтджэрий кьызгъэдумыгъэтІысхьэмэ, уи ерыскъым сыхэІэбэнукъым.

Тамбийр Іэнэм теуІащ, пыдыхьэшхыкІри Бэчыр хуеплъэкІащ:

- Хьунщ. Бэчыр, пщым кьеджэ!

УнэІутым Ло Мэмэтджэрий кьриджащ.

- Іэнэм кьэтІыс, - жиІащ Тамбийм.

Мэмэтджэрий тІысыкІи идакьым.

- Мы урыс тІасхъэщІэхьм игу умыгъэныкъуэ, кьэтІыс.

Заулрэ щымри, Ло Мэмэтджэрий жиІащ:

- Ди хьэщІэм игу згъэныкъуэн мурад сиІэкъым, сыхуэарэзэщ, фІыщІэ хузощІ. Ауэ Тамбий Асльэнбэ ч зыбгъэдзэ Іэнэм сыщетІысхьэныкъым, си щхьэм еспэсыкъым: хьэщІэм кІэльыІэзрахь адыгэ хабзэр пкъыутащ уэ.

- Узах уэщ, Мэмэтджэрий.

Дыгъуэпшых сынокъуэнщэкІащ. Си щхьэкІэ кьыхэхуакъым фызэрымыщІэу гъусэ фызэхуэхъуауэ. Куэд щІауэ зи льэужьыр кьетхуэкІурыс офицерми аращ жиІэр. Пэжщ, адыгэ хабзэм уебакъуэ хьунукъым, губгъэм кьэпхьын ухуэмеймэ. Нэхъыжьым кьыбжиІэм едаІуэ. КІэс тщІа урыс офицерыр кьэдгъэсэбэпынщи, быдаПІэм даубыдауэ дэс уи адэ кьуэщІыр хуит кьэтщІыжьынщ. Штабс-капитанми дызыхуейм хуэдизкьыщІэтхьнщ.

Торнау Мэмэ тджэрий нащхьэ хуищІащ: «Едаіуэ».

- Укьыщэрэпыкъуэн мурад ущІэкІэ фІыщІэ пхузощІ. Гъуэгум гъусэ кьыщыс хуэхъуам и зэран сыльпхьэрэкъым сэ, кьызыльежьами сыщыгуязэкъым, - жиІащ Ло Мэмэтджэрий.

Тамбий Асльэнбэч унафэ ищІащ:

- Уэ, штабс-капитан, кІэс уэзэрысщІар, си унэ уэзэрисыр пІтхьщ, пІтхар Ло Мэмэтджэрий Прочнэ Окоп ихьынщ. Абы щІыбгъунщ Ло Мэмэтджэрийр и ныбэ щІэх Засс кьыиТІыпщыкъым зэрыхуейр.

Пщэдджьжьыщхъэ нэужьым штабс-капитан Торнау тхьылитІ итхащ. Зым иритхащ: «ТІуапсэ кІуэ гъуэгум абаазэхэм сызыуБыдащ. ПщІэ кьысщІмыт - аращ сызубыдар кьыізэрысщыгугъыр. Си щхьэр сэр-сэру хуит кьызэрысщыжьыным сыпІылъынщ». ЕтІуанэм иритхащ: «Мы тхьылъыр нэзыхь Ло Мэмэтджэрий и адэ кьуэшыр Вознесенскэ быдапІэм щыІыщ. Ар хуит кьэтщІыжьну сынолъэІу».

Тамбий Асльэнбэ ч тхьылым кьеджэфынутэкъым, итІани кьеджауэ фэ зытригъэуащ, зэпипльхьэри.

- Брагъэр Мишкэ кьыскъуэвдкъэ жиІащ Тамбийм.

Ар кьыщІыхьэри, фІэхъус кьарихащ:

- Фыкъеблагъэ, ди хьэщІэ льапІэхэ. СыткІэ укьыскъуэй хьуа, Тамбий и кьу?

- Дыпх уейщ. Дауэ фыпсэуэ? Ди кьуэрди у эри?

- Тхьэр фыкІэ кьыпщІэупщІэ. ДыеІейкъым.

- Ди кІэсым езгъэтха тхьылъэм кьыскъуеджэт, Мишкэ.

Мишкэ тхьылитІми нэкІэ ирихэри, Тамбийм и пащхьэ ирилъхьэжащ.

- Тхьэр арэзы кьыпхухьу. Уи щхьэ ухуитщ.

Ар щІэкІыжа нэужь, Тамбийм Ло Мэмэтджэрий зыхуригъэзэжащ:

- У кьыІэрыІзгъэгугъар пхуэсщІащ. Гъуэг у утекъэ хьунущ.

- Сыхьэзырпыщ.

- Бэчыр, уи кьуэшымрэ уэрэ Ло Мэмэтджэрий быдапІэм нэвгъэзэс, кьэзакъэ плъыгъэм я|щІэгъэльхьэ, кьэвгъэзэж. Умыгуэвэз, Ло Мэмэтджэрий и хэгъэрейц а кьэзакъэр. Фежьэ иджыпсту.

- Ди адэм имыщІэу дауэ хьуф?

- Шыдыгъу кьэзакъэм я деж е Бесльэнейм фыщыкІуэкІэ фи адэм жефІэр?

- Ди адэм хуит зыкъедмыгъэщІауэхьурэ - дыадыгъжьэдэ?

- Мэрзэухьаи кьевджэт, - унафэ ищІащ Тамбийм.

Лыжькъ хэщІыхьа, и пащІэжьакІэ зэщІэтхъуауэ, кьыжьащ хьэщІэщым. Хабзэм ипкъ иткІэ, пщитІри кьэтэджащ. Штабс-капитанми зыкъиІэтащ. ФІэхъус кьарихри, Мэрзэухьаи щІэупщІащ:

- СыткІэ укьыскъуейт?

- Іэнэм кьэтІыс. Сыщыпхуейри бжесІэнщ.

«ЩІалэм зыгуэр ІэщІэщІауэ пІэрэ?» - ар ащ лыжькъм и гур япэ эдэжар:

- ЩІалэм уигу зригъэбгъа, Асльэнбэм?

- Хьэуэ. Уи кьуэм сых уэарэзыщ. Нэмыс хэлъщ. Си Іэнэм щысхэр хьэщІэ льапІэщ.

- Я хьыбар зэхэсхащ. СыткІэ сэбэп сыпхуэхьуфыну?

- Мыращ Іуэхур зытетыр, Мэрзэухьаи. Мы урыс офицерыр си унэм кьІэнэн мурад сщІащ. Ло Мэмэтджэрий лІыкІуэ сщІынщ, урысхэм я деж согъакІуэ. Лом гъусэ хуэсщІынут уи кьуэхэр - Бэчыррэ Мыхьэмэтрэ. Уэ х уит пщІмэ.

- Дзыхь кьысхуэпщІмэ, Мыхьэмэт и пІэкІэ Бэчыр сэ гъусэ сыхуэхьунт, - жиІащ Мэрзэухьаи, заулкІэ гупсыса нэужь.

- Дзыхь дауэ пхуэзэмыщІынрэ уэ? Уи ныбжьыращ сызэптыыр арэмыхъу. КьохьэльэкІынкъэ?

- Псыжь адрыщІ е Шэтхьалэ зекІуэ дыщыкІэм деж си ныбжьым ущІэупщІэрэт уэ, Тамбий и кьуэ? КІуэ, щІалэ, шым уанэ схутельхьэ, - жриІащ Мэрзэухьаи и кьуэм.

* * *

Хьыбарым дамэ тетщ, мэльатэрэ жьилэм хэз мэхъу. Штабс-капитан Торнау кІэс зэрыхьэрэм и ныбжьэр Засс кьыиТІыпщыжьыным зэрыхуейр.

Пщэдджьжьыщхъэ нэужьым штабс-капитан Торнау тхьылитІ итхащ. Зым иритхащ: «ТІуапсэ кІуэ гъуэгум абаазэхэм сызыуБыдащ. ПщІэ кьыскъуЫмыт - аращ сызубыдар кьыізэрысщыгугъыр. Си щхьэр сэр-сэру хуит кьызэрысщыжьыным сыпІылъынщ». ЕтІуанэм иритхащ: «Мы тхьылъыр нэзыхь Ло Мэмэтджэрий и адэ кьуэшыр Вознесенскэ быдапІэм щыІыщ. Ар хуит кьэтщІыжьну сынолъэІу».

Тамбий Асльэнбэ ч тхьылым кьеджэфынутэкъым, итІани кьеджауэ фэ зытригъэуащ, зэпипльхьэри.

- Брагъэр Мишкэ кьыскъуевдкъэ жиІащ Тамбийм.

Ар кьыщІыхьэри, фІэхъус кьарихащ:

- Фыкъеблагъэ, ди хьэщІэ льапІэхэ. СыткІэ укьыскъуейт хьуа, Тамбий и кьу?

- Дыпх уейщ. Дауэ фыпсэуэ? Ди кьуэрди у эри?

- Тхьэр фыкІэ кьыпщІэупщІэ. ДыеІейкъым.

- Ди кІэсым езгъэтха тхьылъэм кьыскъуеджэт, Мишкэ.

- Илъэсищ и пэкІэ, кьэзакъэм щы зыбгъупщІ кьафІетхужьауэ дыкьыздзэкІуэжьым, бесльэней абрэджжэм дапэщІэхуауэ щытащ. КьыздэбгъэрыкІуэн я мурадащ, ауэ Тамбий Асльэнбэч кьыізэрытхэтыр кьыщащІэм, кІэбгъуэзащІыжри, ди ужь икІыжащ.

- Тамбийр зэрыхахуэри ІыгъэуэрыкІэльри зэхэсхауэ сощІэ, ауэ сэ адыгагъэ кьыскІэльыізэрихьакъым, - жиІащ Ло Мэмэтджэрий, игу пщым зэребгъар ящІэмыхъуфэу.

- Дэ, абаазэхэм, дэнэ щытщІэн пщыхьэм я щыфэлІыбфэ псор ... Уа, щІалэ, - и кьуэм еджащ Мэрзэухьаи. - Шыхэм уанэ ятелъхьэж. Куэдщ зыізэрыдгъэпсэхуар.

- Мазэгъэ э нэхущ, ди адэ. Дыгъуэкьми я етэгъэщ, жиІащ Бэчыр.

- Дыгъужьым дапэльэщынт, дзыхь зытемыщІэр Хуарз псыхьэ щызеуэ мэхъуэшэ абрэджжэрщ, Дысаскьын уеІщ. Шыныбэпхьэр нэхъ щІэкъуэ - кьэхъуну псор хэт ищІэрэ?

- ЗэрыжьипІэмкІэ, Мэрзэухьаи, кьэхъуІамэ, щхьэж и щхьэр зэрыхихьфщ, пыдыхьэшхыкІащ Мэмэтджэрий.

- Узахуэщ, тэмэму кьыбгурыІущ, - дыхьэшхащ Іыжьыр. - КьыттеуэІамэ, щхьэж и лыгъэ кьызэрихьщ... Дзыхь пхуэсщІыщэркъым уэ, итІани Тамбийм си пщэ кьрилъхьащ згъэзэщІэнщ. ЗейІуэм щыгъэнэхуауэ сощІэ абы лыгъэ зэрыхэзыр, зэрыщІыхуэ пэжыр.

- Езы Тамбийр апхуэдэу кьыббгъэдэт? - нэхъыжьым и сэмэгурабгър иубыдащ Мэмэтджэрий, щэсыжа нэужь.

- Адрейхэм ялейуэ пщІэ кьыскхуимыщІатэмэ, уэ гъусэ сыпхуІущт?

- Ари пэжщ. ИтІани, тхьэмадэ, согъэщІагъуэ уи ныбжьэ хэкІуэтэрэ пэт абы ГьусэкъхьащІыкъэхуищІар.

- Дяпэ нищ бжесІакъэ, щІалэ! - и кьуэм хуэхьщІащ Мэрзэухьаи.

Бэчыр япэ ищащ. Езы тІум я закъуэ хуэ кьуэ нэужь, Мэрзэухьаи жиІащ:

- Си ныбжьым унэсмэ, кьэпщІэнщ тхьэмадэ жьыхуаІэр, - екъурджэуащ лыжькъм Мэмэтджэрий. - Урыс тІасхъэщІэхьр пэщІэщІэгъу пщІын хуеякъым.

- Си адэ кьуэшыр хуит кьэсщІынжьн хуейти...

- Щыгъэт! Сыхуейкъым апхуэдэ псалъэ зэхэсхьну Уэри уи адэри фриуасэжьым Къэлэбэгъэ!

- Ар сиІ кьуэшыр пщІыхурэ уэ? - игъэщІэгъуауэ Лом.

- СощІ! Ар Къэзакъэм дащыгтеуэкІэ Іэджэрэ гъусэ кьытхуэхьуащ. УІэгъэ сызэрыхьу льандэрэ дызэхуэзэжакъым. Уи адэ кьуэшыр гъэр зэрыхьуар Тамбийращ кьыІжкъэзІыр.

- Тамбийрэ абыр зэрыщІыхуэрэ?

- Сыдэущ? Ар Іуэхуэ-гъасэ, МафІэ ялыІ-ри, Бэчыр Іукіуэтащ, хъуным хаутІыпщІхьа шыхэм ялыІгъуэзэн щхьэкІэ.

- Ажьхуэзу щыжьІэкІэ, уи Іуэхуэ-гъэзэкъым. Ти ужь ирихьри, МафІэ

● Нобэ Узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

Сыт гъащIэ кIыхьым и лъабжьэр?

Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэр 1948 гъэм къэунэхуащ. Мы зэманым абы хэтщ къэрал 200-м нэблагъэ.

1950 гъэм щегъэжьауэ Узыншагъэм и махуэр ягъэлъапIэ а зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэщам техуэу. Апхуэдэ махуэ щIыхахам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр я узыншагъэм гулъытэшхуэ хуащIын зэрыхуейр цIыхуэхэм ягурыIуэныщ, ар егъэфIэкIуэнымкIэ зэфIэхыпхъэхэр убзыхунырщ.

Узыншагъэм и дунейпсо махуэр цIыхуэхэр зыгъэгумэщI Iуэхугъуэщхуэхэм трауху хабзщ икIи кIыхьеджэныгъэ щхьэхуэхэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Лъы зытхэр сымаджэ куэдым ядоIэпыкъу», «Жьыджэрагъыр гъащIэ кIыхьым и лъабжьэщ», «ЩIыуэпсым къыщыхъу зэхьэжкIынныгъэ мыщхьэпэхэм узыншагъэр щIыхъэмэн», нэгъэущIэхэр. Мы илъэсым Узыншагъэм и махуэр «Хущхьэуэхэр зыпэмылъщ микробхэр: нобэ абы Iэмал гуэр кIыхуэдмыгъэтмэ, пщэдей сымаджэм дызэреIэзэн димыIэу дыкъэнэнущ» кIыхуеджэныгъэм щIэту екIуэкIынущ.

ЩХЬЭЦЭМЫЩIИЭ.

ЗрагъэхъулIахэр мымащIэми

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и зэIущIэхэм ящыщ зым щытепсэльыхьащ узыншагъэр хъумэн Iэнатlэм и лэжьэкIэм.

КЬЭПСЭЛЪАХЭМ кIыхьагъащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и Iэнатlэм иужьрей илъэситхум зыужьынныгъэфI зэрригъэтар. Ар куэдкIэ и фIыгъэщ «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым. Абы ипкъ иткIэ иужьрей илъэсхэм кIыхьэIуахащ узыфэхэр кIыщахутэ центрыр, жьэн зыщIелъэз диспансерым и «Вагъуэ цIыкIу» сабий Iуэхущlапlэр, республикэм и «Сабий унэр», сабий поликлиникэхэр. Иджыпсту зэгъэпэщыжьхэр медицинэ Iэхущlапlэ зыбжанэм я унэхэр.

Район псоми амбулаторэхэр щIыэрахьащ, ахэр зыхуэныкъуэ псомкIи кIыхьэрагъэпэщащ. КуэдкIэефIэкIуащ цIыкухэм ягъуэт медицинэ дэIепыкъуныгъэри. Медицинэ лэжьакIуэхэм ику иту къахь улахуэм хуэдиткIэ хэхъуащ. Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и Iэнатlэм зегъэужьыным иужьрей илъэсиплIым къриубыдэу 5-м мелард 12,5-рэ трагъэкIуэдащ.

Апхуэдэу а Iэнатlэм щекIуэкI зэхьэуэкIынныгъэхэм Iуэхуфlхэр кIыщэрыдэкIуэм и щыхьэтщ цIыкухэр ику иту зэрыпсэу илъэс бжыгъэм зэрыкъхъуэр (илъэс 69,3-м щегъэжьауэ илъэс 72,5-м нэсу), сабийуэ къалъхур процент 36-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуар, гулъынтхуэ узэкр зэуалIэхэмрэ абыхэм илIыкIхэмрэ я бжыгъэм фIыуэ зэрыкIэрыхуар.

«Узыншагъэ» лъэпкъ проектым кьигъэуцIуэ Iуэхугъуэхэм хэту участковэ докутыр щIэ я Iэщлагъэм хагъэхъуащ, Iэнатlэ Iут цIыкухэм я узыншагъэр зыхуэдэр кьапщытащ, сабий кьалъхуагъащIэхэм я щытыкIэм кIэльопль, жьэн уэ зыпкърытхэр кьахутэу лэжьыгъэ щхьэхуэхэр ирагъэкIуэкI. Апхуэдэу кьуажэдэсхэм медицинэ дэIепыкъуныгъэ тэмэм ягъуэтынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр ябзыхуащ.

Зи гугъу тщIа лэжьыгъэ купщlафIэхэрн нэгъуэщI куэди зэфIагъэкIами, республикэм и Жылагъуэ палатэм кьельытэ а Iэнатlэм иджыри гугъуехьхэр мымащIэу щыщIэну. Апхуэдэщ, псальэм папщIэ, Iуэхущlапlэхэр зэрылэжьэну мылькумрэ Iэмэпсымэхэмрэ ирикъуу зэрамыIэр, куэд зэгъэпэщыжьын зэрыхуейр. Зыбгъэузащэ Iуэхугъуэу абыхэм кьыхагъэщащ медицинэм и унэтIныныгъэ щхьэхуэхэм щылэжьын дохутырхэр ирикъуу зэрамыIэр, улахуэмкIэ мыарэзыуэ абыхэм ящыщ нуэ Урысейм и кьалэшхуэхэм зэрыкуэр, Iэщlагъэлlэхэм пIалъэ хэхакIэ я щIэныгъэм хэгъэхъуэныр нэсу зэрызэтемыублар, льготэ зиIэ сымаджкэхэм хущхьэр кьаззрыIэрыхьэ хабзэхэр кьызэрызэпэудыр, нэгъуэщIхэри.

А зэIущIэм КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэм кьыщащтащ республикэм и Правительствэм, Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Финансхэмкlэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министерствэхэм, Iэмал зимыIэ медицинэ страховани кIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ фондым, щIыпIэ самоуправлЕнэм и органхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

ХЬЭТУ Барэсбий.

Сымаджэр зэрыхъужынур и фIэщ ящIыф

● ФIыщIэ

- Псынщlэ дыдэу укъызэфIэувэжынущ, - къызжиIащ Мухьадин. - Ди медсестра Ларисэ хущхъуэ псори кIыхьхьалIэнущ, езыр цIыхуфI дыдэщи, и псалъэ къудейри Iэзэгъуэ пхуэхъунущ.

Абы и уэжькIэ зэкIуэрыгъ къыщIыхьэри, физкультурэ сщIын зэрыхуейр къызжиIащ.

- Дауэ? - згъэщIэгъуащ сэ абы къызжиIар. - Сэ ерагъкIэ сыкъызэфIэтIысхьэу аращ!

- Умыгузавэ, - жиIащ абы. - Япрауэ, Iэпкъльэпкъыр хуэм цIыкIуурэ дгъэлажьэу щIэддзэнщ ущыльхурэ, итIанэ ущысурэ зедгъэукъуэдиинщ, ауэрэ къзбжьыхьу уежьэжьынщ...

Мис апхуэдэу фIэщхъуныгъэ къыпхальхьэжри, пхуэзфIэмыкIыну уи гутъа Iуэхуэхэм утрагъэгушхуэ мыбы щылажьэ гупым. Сытми, абы щыгъуэм санаторэм сыкъыщIэкIыжащ лъэрытет сыхъужаеу. Хуэмурэт си лъэр зэрызэблэсхыр, ауэ дэIепыкъуэгъуэшэу къэскIухьыфырт.

ИлъэситI къыкIэлъыкIуэми тезгъэзащ а санаторэм, си узыншагъэр езгъэфIэкIуэн мурадкIэ. Я зэхэтыкIэм сыщыгъэуазэ пэтми, иджыри сымыгъэщIэгъуэн сльэкIыркъым а гупым я Iуэху бгъэдыхьэкIэр. Бжэщхьэ Iум уэзребакъуэу, щIыхьэпIэм дже щыс цIыхубзитIым - Къущхьэ Денэрэ Джэхуэ Риммэрэ, гуфIэжу урагъэблагъэ. АдэкIэ Шукай Тамарэ псынщIэ дыдэу зэфIеIуэкI тхыльэ Iуэхуэхэр, махуэм къухъьалIэнуэхэм, къызэроIэзэну щIыкIэхэм щыгъуазэ уещIри, уздэкIуэну пэшыр къыбжеIэ.

Пэшым уэзрыщIы-хьэу къыпкIэлъос дохутырри, уи Iуэху зыщыгъэгъуазэ. СССР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и отличник, категорие нэхъыщхьэ зиIэ дохутыр Узденов Мухьадин сытым дежи дэрэжэгъуэр и Iэпэгъущи, уэри гукъыдэж къует, и псэлъэкIэм фIэщхъуныгъэ къыпхилъхьэу апхуэдэщ. Аращ зи фIыгъэр илъэси 10 и пэкIэ инсульт, инфаркт зиIа сымаджэхэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж къудамэ мыбы къызэрыщызэIуахар, щылэжьэну гупри зи Iэщlагъэм хуэIэижь защIэу къыхихащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, процедурнэ пэшым щIэт Холлаевэ Ларисэ. Дохутырым пщэрылъ къыщищIа къалэныр абы дагъуэншэу егъэзащIэ. Дэтхэнэми гуапэ хущытщ, зэрыхъукIэ псоми зэхуэдэу ядоIэпыкъу. Пэжщ, дохутырым къыжриIахэр нэсу зымыгъэзащIэхэм хуэятекIинщ, ауэ ари икIи гурыIуэгъуэщ... Я кьалэныр фIы дыдэу ягъэзащIэ медсестрахэу Къуэнькъуей Раерэ Цепляевэ Антонинэрэ. Абыхэм я лэжьэгъуэ зэманым санаторэм щызекIуэ хабзэхэр зыми кьызэпиудкым, езыхэр я нэIэм щIэт псоми я Iуэху зыIутым щыгъуазэщ. ЦIыхубз Iэмащlэ-лъэмащlэми, Едгъул Раисэ хуэдэ массажист унгъэлъыхъэнщ. Абы Iэпкъльэпкъыр ишытIа нэужь, куэдкIэ нэхъ укъоцIэ-лэж, уи гукъыдэжми хохъуэ. ПщафIэхэу Жэмыхъуэ Хьэцацэрэ Кьардэн Заретэрэ санаторэм зыщызыгъэпсэхуэр шхын Iэфl зэхуэмыдэхэмкIэ ягъафIэ, я ерыскъымкIэ дэтхэнэми ягу дохъэ.

Апхуэдэуи кьыхэзгъэщIхъэщ мы Iуэхущlапlэм щыIэ кьабзагъэр сестра-хозяйкэ Уэртэн (ХьэфIыцIэ) ФатIимэтрэ санитаркэ Кьардэн Лерэрэ зэрафIыщIэр. Ахэр дэтхэнэри и кьалэныр жэуапIныгъэ пылъу бгъэдохьэ.

А гуп зэкъуэтым сыт хуэдиз фIыщIи щытхъуи ихуэфащэщ я псэемблэжь лэжьыгъэм папщIэ. Инсульт зиIа сымаджэ куэд кьыхэсфIагъэувэжащ, гугъэ яIэу гъащIэм хагъэпльэжащ абыхьэм.

КОММОДОВ Геннадий.

Дохутыр-невропатолог Узденов Мухьадин

Процедурнэ пэшым щылажьэ Холлаевэ Ларисэ

Сестра-хозяйкэ Уэртэн (ХьэфIыцIэ) ФатIимэт

Массаж зыщI Едгъул Раисэ

ПщафIэхэу Жэмыхъуэ Хьэцацэрэ Кьардэн Заретэрэ

● Каратэ

Урысейм и чемпион Нэхущ Рустам

Iуащхьэмахуэ куейм ЩIалъгъуэлъ Iуэхущкъмкlэ, физическэ щIэнхабзэмрэ туризмэмкlэ и комитетым и спорт школ зэхъуэтым и къэсэн Нэхущ Рустам иджыблагъэ екIуэкIа каратэмкIэ УФ-м и чемпионатым щытекIуащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хиубыдэу ди лъэпкъэгъуэм зэIущlипlл иригъэкIуэкIа. Iупэм 7:3-уэ абы щыхигъэщIащ Липецк кьалэм и лIыкIуэр. КъыкIэлъыкIуэ зэIущlэм Уралым икIа спортсменым Х.Рустам щефIэкIащ. Финал ныкъым зыхуэза мэкъуэдэсым щэч къытумыкъэн текIуэныгъэ 6:0-уэ кьыфIихьащ. Финалым Нэхущым къыщыпэщIэтащ иужьрей ильэситIым къэралым и чемпион хьэуа, Къэрэщей-Шэрджэсым щыщ Тебуев Хьэмид. ЗэIущlэ хьэлъэ и къэрхуэрэгъум зы баллкIэ щефIэкIри, Рустам къэралым и чемпион щIэльапIэр зыIэригъэхьащ.

Чемпионатым фIы дыдэу зыкъызрыщIигъэлъэгъуам щхьэкIэ, Нэхущ Рустам къэралым и командэ кьыхэхам хагъэхьащ.

Иджы абы зыхуегъэхьэзыр накьыгъэм Швейцариэм щыIэхэтыну Европэ чемпионатым.

Нэхущ Рустам каратэм хьэщIэкIэ щIэт ныкъым. Итлъагъуэ Могилевэ Евгений и гъэсэным щIалэщIэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэм дыжьын медалыр кьыщIихьащ. Зыбжанэрэ щIыналъэ зэхьэзэхуэм щытекIуащ.

Нэгъабэ къэралым и чемпионатым ещанэ щыхьащ, мы Iэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр щиубыдащ.

КЪЭХЪУНБэч.

Хьэдзыгъу Аслъэн



Хьэмырзэ Аслъэнбэч

● Фэеплъ

Бахъсэн щыщ лIыхъужьхэр

Аслъэнбэчрэ Аслъэнрэ кьэкIуэнум мурадышхуэ хуаIэт: я сабийхэм я насып кIэльыплъыну, я адэ-анэхэр жьыхуегъэзэжкIхьумэ, абыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхьуну... Бахъсэн щIалэхэм милицэ Iэщlагъэр кьыщыхахым, щалъхуэ я Бахъсэрэдий-Балькъэрым хабзэр кьыщыдзэгъэпэщын Iуэхум кьэмыслэнджэжу кьулыкъу ху ащlэныр я кьалэну кьалыпытат.

Мурадыфхэр зи куэд, зыпэрыуВа Iэнатlэм хуэпэж щIалэхэм я гугъэмрэ гъащlэмрэ зэуэ кьыхэзыпыудащ. 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м кьалэныр езыхьэжI милицэм и лейтенант нэхъыжь Хьэмырзэ Аслъэнбэчрэ милицэм и старшина Хьэдзыгъу Аслъэнрэ Iэщlэкlэ зэщIэгъэзэщIащ. Ахэр пщIэ хуаущу Бахъсэн кьалэ щыщlалъхьащ. А гущIыхьэр кьыIэрыхьурэ илъэс ирокъу.

Щхьэгъусэм и псалъэ

- Ар гум пхутемыгъахуэ, зыри зыпхуэхъмылъхьэжину гуауэщ. Абы и фэеплъу кьыхсхэна сабиилплIыр зыхуэй хуэзгъэзэфмэ, а цIыкIухэмкIэ иIа гугъэхэмрэ хьуэпсапIэхэмрэ зэпыщlэфмэ, си дежкIэ насыплшхуэщ. Ар кьыхэхъулIэмэ, и псэр тынышну согугъэ. Ди нэхьыжь цIыкIу Милан я етIуанэ классым щоджэ, Элинэрэ Ангелинэрэ садикым макIуэ, - жеIэ Хьэдзыгъу Аслъэн и щхьэгъусэ ФатIимэ. Зы меданкIэ и псалъэр зэпеГэрыр, и нэпсхэр кьыфIокIуэ, ауэ зыхьэтреIыгъэжри, и нэгум зыхэIуехьж. Пэжщ, быным я нэхьыщlэ щIалэ цIыкIур, Армед, Аслъэн зэрильгъуар теблэгъ суРэткIэщ.

Кьэнар псэун хуейщ, жеIэ псалъэжьым. Си тхъэмадэ Хьэсэнбийрэ си гущlэ Клавдиерэ я зы кьуэрт яIэр. Иджы кьахуэнар, я льэр щIэзыгъэжьыр бын закъуэм и щIэблэрщ. А тIур кьыттеубГыуауэ, сыткIи зыкьысщIагъакьуэу апхуэдэщ. Сэри зэррыхькIэ нэхъ щабэу, гудзакъэу саззрыхуытыным, яхуэфащэ пщIэрэ нэмысрэ зэрахуэсщIыным яужь ситщ. Ахэр си дежкIэ анэ-адэ пэльытэщ», - жеIэ ФатIимэ.

Гуауэр анэм хуэгъэвакъым

- Си щхьэгъусэ Аслъэнбэчрэ я кьуэш нэхьыщlэ Бесльэнрэ я адэр яIэжтэкъым. Абыхэм я анэ закъуэр зыпащI щыIэтэкъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, си гущlэ ФатIимэт кьытепсыха гуп зэрыхуэзакъым. Мазищ дакIауэ ар и кьуэм кIэлыкIуэжащ. Си щхьэгъусэр зэрысфIэкIуэжар мазиплI мэхъу жысIэу, зи адэри, зи анэшхуэри зэи зымыльагъуну ди сабиищым я нэхьыщlэ Аделинэ кьалъхуащ. Мамэ хьыджэбз цIыкIуитIыр - Каролинэрэ Эвелинэрэ - и Iэплlэм имыкIыу игъафIэрт. «Си псэ цIыкIуэ, си дуней нэхухэ» жиIэу едэхащlэрт, - жыжьэ зэрыщыгупсысэр зи нэгум кьыщ Хьэмырзэ Аслъэнбэчи щхьэгъусэ Лиз я игу кьегъэкIыж.

ЖкIэнрэ зэгупсысынрэ я куэдщ зи щIалэгъуэу фызабэгу кьэна Хьэмырзэ Лиз эрэ Хьэдзыгъу ФатIимэрэ. Ауэ нэхьыщlэхьэр, я кьарур, зэрфIэкIыр зыхуаунэтIын хуейр я щхьэгъусэхэм я фэеплъу кьахуэна сабийхэр кьэзэтынырщ, я адэхэм яхуэфащэу гъащlэм льэ быдэкIэ хэувэным хущlэкъунырщ.

Лиз эрэ ФатIимэрэ республикэм и Президентым, КъБР-м щыIэ МВД-м и унаафащlэм кьыхуаущ гуПкIытэм папщIэ щыщlэ хуащI. Абыхэм Налшык кьалэ унэ кьыщыкъуащхуащ. Кьыхэдгъэщынщи, Урысейм кьэрал кIуащI Iуэ хуэхмкIэ и министр полицэм и генерал Нурэлиев Рашидрэ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенрэ КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщlэхэм кьалэн щащlащ милицэм и лэжьакIуэ яхкIахэм я унагъуэхэм сыт и льэныкъуэкIи зыщlагъэкъуэну – псэупIэкlэ кьыхэзгъэпэщlыным щыщlэдзэауэ, мылькукIи, нэгъуэщI зыхуэныкъуэ псомкIи ядэIэпыкъну.

Нобэ я унагъуэм, кьыдалъхуэ ахэмрэ Iыхьлыхэмрэ, лэжьэгъуэхэмрэ ныбжьыбгъуэхэмрэ ягу кьагъэкIыжыну Хьэмырзэ Аслъэнбэчрэ Хьэдзыгъу Аслъэнрэ я кьамыгъэщlар, зыхуэнэмыса я хьуэпсапIэ хэр кьащlэна я бын цIыкIуэм Т.Хьэмкьабгъэдилъхьэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Прохладнэ куей

ЩIалэгъуалэм я театр

ТЕАТРЫМ и махуэм ирихьэлIэу Прохладнэ кьалэм кьыщызэIуахащ ЩIалэгъуалэ театр. Кьалэм дэт Iэнхабзэмкlэ унэм щекIуэкIащ Никитенкэ Лилие и театр студием и экзамен зэIуха. Кьалэ школхэм щIэс еджакIуэ нэхъыжь 26-м я зэфIэкIхэр ирагъэлъэгъуащ зыщlэкэм, адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм, кьаедекIэ я ныбжьэгъухэм.

Артист ныбжьыщIэхэм зэрыдэхэр кьыщIэкIащ. Ахэр Iуэхугъуэм и Iэщlагъэ зэрыщIэнымкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэтхечым - 42-75-78.

● КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

ЛIыукIэхэм яхэту хуагъэфащэ

КъБР-м и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм террорым пэщIэтынымкIэ Iуэхугъуэхэр (КТО) ирагъэкIуэкI. Абы ипкъ иткI, мэлыжьыхьым и 5-м Шэджэм кьалэм щаубыдащ Шэджэм куейм щыпсэу У. Ар 1984 гъэм кьалъхуащ, республикэм щыIэ банд-р гупым хэту, ащlэуэдэу террор щIэпхъаджагъэхэр зыдэкъахэм, хабзэхъумэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр зыукIахэм ящыщу абы хуагъэфащэ. У. щаубыдым зигъэщIкIужыну хэтащ, ауэ гъэзгу иратакъым. Кьащащым абы кьыкъуахащ: Ф-1 гранатэ, тротил грамм 800 лъэщагъ зиIэ Iэрыщ I кьагъауэ Iэмэпсымэ (СВУ).

Нэхъ гуваУэ, сыхьэт 17-м, Налшык кьалэм Руставели и цIэр зезыхьэ, Профсоюзнэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм (КТО-р щрагъэкIуэкI щIыпIэм) кьыщагъэувыIащ банд-р гупым я щIэгъэкъуэну щэч зыхуащI, 1990 гъэм кьалъхуа кьалэдэс А. зэригъакIуэ «Лада-Приора» автомашинэр. Абы и багажникым кьыщагъэутащ икIи кьытрахащ Ф-1 гранатэ, шэуэ 30 (5,45 кг).

Сыхьэт 22-м деж Шэджэм районым (КТО-р щрагъэкIуэкI щIыпIэм) щаубыдащ республикэм и Шэрэдж куейм щыпсэу, 1986 гъэм кьалъхуа К., банд-р гупым я щIэгъэкъуэну щэч зыхуащIыр. И автотранспортымкIэ абы зигъэщIкIужыну хэтащ, арщхьэкIэ кIуапIэ иратакъым. Яубыдам и автомашинэр кьыщагъэутащ РГД-5, Ф-1 гранатэхэр, мм 9 шэуэ 30, тротил грамм 400 лъэщагъ зиIэ Iэрыщ I кьагъауэ Iэмэпсымэу 3, нэгъэущIхэри.

ПтулькIэ мин 30-м щIигъу

Урысей ФСБ-м и Iуэхущlапlэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм Шэджэм кьуажэм «DAF» транспортыщхьэр кьыщыщапщытэм аркъэ нэпцIу куэд дыдэ кьагъэутащ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, абы кьрахащ урысей фадэщI щIэрыIуэхэм кьыщIагъэкIхэм ещхь птулькIэ мин 30-м щIигъу. Абы щыгъуэми, абыхэм ятегъуэуа акциз дамыгъэхэр зыкIи хуэкIуэркъым «Гознак»-м и Iуэхущlапlэхэм щагъэхъэхурэм. УФ-м и Сату-промышленнэ палатэу КъБР-м щыIэм и Iэщlагъэлlэхэм кьалытэ федеральнэ дамыгъэ нэпцIхэр трагъауэу сом мелуани 4,8-рэ и уасэ продукциэ ягъэхъэзыраУэ. Бзаджащlэхэм я мурадхэр кьайхьуIатэмэ, акцизхэм пэкIуэн хуея сом мелуан 1,7-м щIигъур кьралым Iэрыхьэнутэкъым.

КъБР-м щыIэ МВД-м уголовнэ Iуэху кьэIэтыным щыхоплъэ.

Урысей ФСБ-м и Управлению КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

ЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэтхечым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщlэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеухуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынныр и пщ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрымкIэ жуан ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм льагъэгъахэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жуан зыхь секретарым и къуэдзэ Кьаншокъуэ Эллэ, редактору Къэрмокъуэ Хьэмид, корректорхэу **Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, корректорхэм я щIэныкъуэгъу **БатIитIэ Марьят.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Мэзбахьуэ Анжел, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанизщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.233 ● Заказ №904